



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PASE FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYIZANS LAPOLIS
ETA A ENSTRIKSYON POU LI EDE NAN ANKÈT SOU KWA GAME YO JWENN
NAN CONEY ISLAND NAN**

"Ayè, yo te [jwenn](#) yon lòt senbòl antisemit make sou yon ban bò yon Sant Kominotè Jwif (Jewish Community Center) nan Coney Island. Sa se sa k fèt pi dènyèman an nan yon seri ka detestab ki sible kominote jwif la nan New York, epi nou pa kapab epi nou p ap pèmèt zak rayizans sa yo k ap fèt deplizanpli souvan vin nouvo nòm la.

Mwen ap pase Fòs Entèvansyon kont Krim Rayizans Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Task Force) enstriksyon pou li ede Depatman Lapolis New York la (New York Police Department, NYPD) nan ankèt sou zak briganday sa a, pou li jwenn moun ki responsab yo epi fè yo sibi konsekans nan tout mezi lalwa prevwa a. Gen yon tolerans zewo absolè pou kèlkeswa pawòl, senbòl oswa vyolans plen rayizans ki genyen nan Eta sa a, epi nou dwe kontinye lite kont rankè gras a respè prensip divèsite, entegrasyon ak akseptasyon yo nan New York".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)